No. of Printed Pages : 4 **BMAF-001**

# BDP/BCA/BTS

00095

## सत्रांत परीक्षा

## जून, 2017

## BMAF-001 : मैथिली में आधार पाठ्यक्रम

*Time : 2 hours* *Maximum Marks : 50*

---

*नोट : सभ प्रश्नक उत्तर लिखू । उत्तर देवनागरी अथवा तिरहुतामे लिखू ।*

---

1. निम्नलिखित शब्दक बहुवचन रूप लिखू : 5
   (क) बच्चा
   (ख) गाछ
   (ग) बन्धु
   (घ) ऋषि
   (ङ) भौजी

2. पिताकेँ पत्र लिखि हुनक स्वस्थ जीवनक कामना करू । 5

3. 'संयुक्त परिवार' पर 50 शब्दमे टिप्पणी लिखू । 5

4. निम्नलिखित पाबनि कोन मासमे मनाओल जाउछ ? 5
   (क) जूड़शीतल
   (ख) नवान्न
   (ग) सामा-चकेबा
   (घ) जितिआ
   (ङ) मधुश्रावणी

**5.** निम्नलिखित शब्दक प्रतिबिम्बित शब्द लिखू : 5

(क) चाह

(ख) मोड़ि

(ग) चका

(घ) भूजा

(ङ) जोगाड़

**6.** (क) निम्नलिखितमे सँ कोनो ***एक*** कविताक भाव लिखू : 7

लक्ष्मीसौँ हरि कहल बुझाय ।
बड़ दुख सहलनि सुर-समुदाय ।।
हम तनिकाँ देलहुँ वरदान ।
अचिरहि हरब रिपुक हम प्रान ।।
अवधपुरी जयबाक विचार ।
लेब ततहि हम न अवतार ।।
होयत प्रिये हमरहि की जाय ।
अहँ बिनु नहि कय सकब उपाय ।।

चलु-चलु भूतल प्राण पियारि ।
दुहु मिलि लेब असुर-संहारि ।।
सुनि लक्ष्मी कहलनि बड़ वेश ।
उचित विचार कयल प्राणेश ।।
लेल अयोध्या हरि अवतार ।
चारि अंशयुत राम उदार ।।
लक्ष्मी अयलिह मिथिला भूमि ।
ऋद्धि-सिद्धि संग लयिलिह जूमि ।।

(ख) उपदेशक तोँ सबसँ महान ।
चिन्ता नहि, कतबो उन्नत थल,
खसि कते बेरि चढ़ि बनह सफल ।
सबतरि हम देखलहुँ तोहर सन
उद्देश्यक पक्का क्यो न आन ।।
सङ्गरमे हारि एकैस बेर, तैमूरलंग बूझि कर्मफेर ।
मरबाक हेतु उद्यत तोरे शिक्षासँ
विजयी छथि प्रमाण ।।
क्यो करथि जाहि दिशिसौँ फराक,
तेम्हरि चलबा केर करह ताक ।
सिखबह जनु केहनो विघ्न-जलधि,
साहस-जहाजसँ करू प्रयाण ।।
अवसान-समय बुझि बना पाँखि,
उड़ि चलह, न ककरउ लगा आँखि ।
सिखलहुँ हम तोहर रीति-नीति
शक्तिक ह्रासेँ नहि बनु मलान ।।
कनिको दबितहिँ तोँ काटि-काटि,
शिक्षा दै छह जनु डाँटि-डाँटि ।
केहनो पहाड़ यदि देथि दुःख,
नहि सही, रही वा जाय प्राण ।।
अनुपल तोँ चञ्चल करह भ्रमण,
संग्रह करैत किछु अपन अशन ।
दीक्षा जनु दै छह बनि निरलस,
उद्योग करह बनि सावधान ।।

7. ‘हथट्टा कुरसी’क आधार पर ‘हरेबाबू’क चरित्र-चित्रण करू । 7

8. निम्नलिखितमे सँ कोनो ***एक*** विषय पर 300 शब्दमे साहित्यिक निबंध लिखू : 7

(क) विद्यापति

(ख) यात्री

(ग) सुमन

9. निम्नलिखितमे सँ कोनो ***एक*** शीर्षक पर 150 शब्दमे अपन विचार लिखू : 4

(क) अनुवाद

(ख) ललित कला

(ग) राष्ट्रभाषा